Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 51 (7555)
15 декабрь
Хамиз
2022 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Данделъи

## ХIукмаби тIуразе – цIиял тIалабал



Араб анкьил ахиралда районалъул администрациялъул аслиял суалаздасан данделъи ахIана бетIерасул зам. Хъ-М. ГIабдулхаликъовас. Гьенир гьоркьор лъуна Дагъисатан республикаялъул БетIер С. Ме-ликовасул районазул, шагьаразул, округазул хIалтIул ин гьоркьоб лъун, тIатарал гIунгутIаби тIагIинариялде буссараб ва 2022 соналда ахIарал данделъабазул батIи-батIиял хIасилазулги хIакъалъулъ кIвар бугел рахъал.

Данделъиялда гIахьал-лъараз гьел суалазда хурхун ва цере чIарал масъалабазулги бицун гьабураб хIалтIул хIисаб кьуна, хадурккун гьаризе сел тадбирал рихьизаруна.

Гьаризесел хIалтIабазул масъалабзда хурхун кIалъана Хъ-М. ГIабдулхаликъовги, тIадкъаял кьуна кIвар кьезе ккарал рахъазда хурхун иш тIаде кколезе.

ДандчIвай

## ТIаде къабул гьаруна



Араб анкьалда районалъул гIадамал тIаде къабул гьаруна РДялъул Халкъияб Собраниялъул анкьабилеб созывалъул депутат, ЖКХялъул, транспорталъул ва нухазул магIишаталъул ко-митеталъул член, «Единая Россия» фракциялдасан вищарав М. МухIамадовас.

Гьевгун дандчIвазе гIадамал рачIана батIи-батIиял роса-балъан. Суалал рукIана муниципалитеталъул кIвар бугел захIмалъабазул, хIал-тIуде росиялъул, социалияб сфераялда хурхарал, гьединго жилищниябгун коммуналияб хасияталъулги.

Щивав гIарзагун вачIарасе М. МухIамадовас рагIи кьуна захIмалъабазде гъорлъе ваккизе, суалал законалда рекъон тIуразаризе.

ДандчIваялда гIахьаллъана «Единая Россия» политикияб партиялъул бакIалъулаб отделениялъул нухмалъулев ГI. Камиловги.

Баркула

## Квержубан рагъулъ – тIоцебесеб бакI

20 ноябралда Каспийск шагьаралда унеб букIана призывалде ахIилалде цересел гIолилазул Дагъистан Респуб-ликаялъул армиялъулаб квержубан рагъул къе-цал. Гьезда гIахьаллъи гьабуна нилъер ракьцояв Майданское росулъа Расулов МухIамадицаги. Турниралъул иналда Мух1амад Хизриевичас ккуна призалъулаб тIоцебесеб бакI.



**ХIурматияб МухIамад Хизриевич, ракI-ракIалъ баркула Дуда бергьенлъи, гьарула хадурккунги спорталъулъ ч1ах1иял бергьенлъаби, Дуцаги Дур тренерасги хадубккунги мустахIикъал ва тарихиял бакIал кквей буго нижер мурад.**

**Сахлъи, талихI, рохел дуе гIумроялъулъ, гьарула бергьенлъаби хадурккун рукIинесел къезазулъ!**

## С Днем Конституции!

**Уважаемые жители Унцукульского района! Дорогие земляки!**

От имени работников администрации района, от Депутатов районного Собрания, Общественной палаты и лично от себя примите искренние поздравления с Днем Конституции Российской Федерации - основного закона нашей страны!

Конституция - главный гарант гражданских прав и свобод, независимости и целостности России. Время показало, что это не просто декларация, а реально действующие положения об укреплении правового государства и гражданского общества, фундамент социального благополучия. Суть же власти любого уровня – работать в интересах граждан, и наша задача – стремиться, чтобы принципы равенства и справедливости стали нормой жизни, чтобы каждая семья была социально защищенной, чтобы каждый житель Унцукульского района ощущал надежную защиту Закона. Уверен, что совместно нам удастся справиться со всеми трудностями и сделать Россию передовым, процветающим государством. А гарантом нашего продвижения вперед, динамичного и устойчивого социально-экономического развития регионов и страны в целом служит Конституция Российской Федерации.

Искренне желаю вам мира и добра, счастья и здоровья, благополучия и достатка! Путь этот праздник придаст вам новые силы в достижении поставленных целей на благо России, Дагестана и родного Унцукульского района!

**С уважением, глава МО «Унцукульский район»**
**Иса Магомедович Нурмагомедов.**

Комиссариат

## ЦIияв нухмалъулев



6 декабралда РДялъул рагъулав комиссарасул заместитель Къурабеков Замирбек ХIажиевичас районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасулгун лъай-хъвай гьабуна районалъул рагъулаб комиссариаталде витIун вачIунев вугев цIияв нухмалъулесулгун. Гьев ккола ХIасратов Къудрат Агъабекович.

Гьевгун дандчIвалаго районалъул бетIерас бихьизабуна: «Мун вачIана бищунго захIматаб заманалда. Гьарула дуе киналъулъго битIккей. Республикаялъул, улкаялъул нухмалъиялъ цере лъурал масъалаби нилъеца тIуразаризе ккола ракI бацIцIадго намусалда»,-абун.

Цеве рагъулав комиссарасул ишал тIуралевлъун вукIарав Муслим Гъапуров вачIун вукIана 202I соналда, нахъе ана 2022 соналъул декабралда

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 51 (7556)
Хамиз
15 декабрь 2022 сон

2 гьумер

## МедхIалтIухъабазе харжал рорхиялъе

Гьелъул хIакъалъулъ распоряжение гьабуна кабминалъул бет1ер М. Мишустиница. Документалда абулеб буго Дагъистаналъе тIадеги щвезе бугин 9I,9 млн. гъурущ медхIалтIухъабазе харжал рорхиялъе.

ГIаммаб къагIидаялъ гьеб статьялда рекъон регионалъе щезе буго 7,4 млрд. гъур. Пациентазул рак унти загьир гьабурал медиказе бачIунеб соналъ кьезе буго 395 гъурущ.

# ГьаракIуниса СагIид

**Исана 259 сон тIубала магIарулазул машгьурав гIалимчи, кIудияв мугIалим, жамгIияв хIаракатчи, имамзабазулги гIемерал гIалимзабазулги насихIатчи ГьаракIуниса СагIид гьавуралдаса. Гъоркьехун кьолеб буго Н. ГIусмановасул «РукIана магIарухъ шагIирзаби» абураб тIехьалдаса босараб гьесул хIакъалъулъ макъала.**

ГьаракIуниса СагIид гьавун вуго I763 соналда Унсоколо районалъул ГьаракIуни росулъ, ГIайшатие ва Абубакарил вас МухIамадие. ГьитIинго эменги хун хутIарав СагIид жиндаго аскIове вачун вуго кIудияв эмен ГIаймакиса АбубакархIажияс. Гьев гьитIинго тIад чIун цIализавуна ва гьесда кинабго гIелму бичIчIизабуна. Жинцаго малъаралда божун течIого, гьес СагIид витIула Дагъистаналъул цогидал машгьурал гIалимзабазухъе. Гьединазул цояв ккола Кудалиса ХIасан.

СагIид вукIана гьитIинго гьунар бугев, малъичIониги сундего жиндирго пагьму щварав чи. I8 сон гIумруялъул букIаго, СагIидица гIараб мацIалда хъвана «РацIцIадал маржанал» абураб тIехь.

Жинда аскIове цIализе вачIараб мехалда, ХIасаница гьесие цIалун буго жиндирго «МагIан» (риторика). Гьелда жаниб бугеб ХIасанил гъваридаб пикруялъул хIисабги гьабун, гьелда гIажаиблъарав СагIидица абун буго: «Я лъачи, дов АбубакархIажияс дие цIалулеб букIараб жо магIнаялъул рахъалъ мукъсанаб букIана»,-ян. Гьесие жаваб гьабун ХIасаница абун буго: «Дун, дир вас, гьаб гIелмуялда жанив саккаккияб (кьучI лъурав) вуго»,-абун.

Ахирги СагIидил вахъуна Дагъистанада цIар рагIарав гIалимчи. Жиндирго лъай кьуна цогидал цIализари мурадалда, живго рес бугев чи вукIиналъги СагIидица жиндирго харжалдалъун бан буго мадраса. Гьесухъе кисанго рикIкIа-рикIкIадаса гIалимзабиги рачIунаан. Гьес цIализарурал мугIалимзабазда гьорлъ рукIана Генуса ГъазимухIамадги Шамилги, ГьоцIалъа ХIамзат, Ярагъиялдаса МухIамад, Ахтиса МуртазагIали Апанди, Хъараниса Къурбандибир, Яхсиялдаса Юсуп-къади ва цогидалги. Живго СагIидил рагIабазда рекъон, ункънусгоялдасаги цIикIкIун мутагIил цIалун вуго гьесда цеве.

СагIидица абулаанила, дунялалда гIадамаз балеб заман дагьаб бугин, гьел къоял аваданго ва рохалида тIамизе кколилан. Киналго мутагIилзабигун цадахъ гьев цо-цо тира-сверизе вахъунаанила. Гьениб сухIмат-кепги гьабулаанила.

СагIид вукIун вуго живго чорхокъав, загIипав чи. Гьелъго батизе ккола, цо-цоязда кколеб букIун буго гьев чигийищ гIалимчийилан. Гьедин гьесул хIалбихьизего гIадин, гIадамаз бицахъе, ГъазигъумекиСа Арсланханица киналго мутагIилзабигун цадахъ СагIид жиндихъего гьоболлъухъе ахIула. АхIи басра гьабичIого, СагIидги вачIуна. Хъваш-баш гьабун хадуб Арсланханас магжида квер бахъун буго, гьаб магжилъ расалгIан гIемераб гIакълу бугин жиндир абураб магIнаялда. СагIидица ботIрода, цинги магжида квер бахъун буго, жиндирги гьедигIан гIакълу бугилан. Хадуб Арсланханас тIарсги лъимги цебе лъола, жив лъаялъул рахъалъ ралъад вугин абураб магIнаялда. СагIидицаги лъелъе хведер рехула, жив ралъдада гама вугилан бихьизабулеблъун. Хадуб Арсланханас хведералда тIад маххул кесек лъола, гама гьанкъизабунилан. СагIидица маххуда тIад тIурччи лъола, жинда махх биинабизе кIолилан.

Гьеб бакIалдаса СагIидги мутагIилзабиги нахъ руссуна, цониги рагIи Арсланханицаги абичIого. Хадув чи витIун вачIуна нахъруссa,-ян гьарун. Гьалбал нахъруссана ва Арсланханас, цIидасанги хъваш-башги гьабун, гьел жанире рачуна. Гьеб мехалъ гьес бицуна жиндихъего СагIид ахIиялъул гIилла ва мукIурлъула СагIид жиндаса гIакълуялъ бергьиналъе. Гьалбадерил хIурматалда тепсиги гIуцIула.

СагIидил гIелму, гIакълу-лъай Дагъистан тун къватIибехунги машгьураб букIиналъе нугIлъи гьабула гьесул хIалбихьизелъун Ираналъул шагьас гьесухъе бачIараб кагътица. Гьеб кагътил гьумералда байбихьулда лъун букIуна цо хIучч, ахадаги кIиго хIучч ва гIицIго гьал рагIабиги: «Салам СагIидиде цIакъ чIалгIараб, жавабги нахъисеб гьумералда хъван битIе»,-ян.

СагIидида бихьигун кагътил мурад бичIчIула. Амма жиндирго мутагIилзабазул хIал лъазе гIоло гьезда гьикъула. Цонигияс жаваб кьечIелъул, гьес бихьула кагъат Генуса ГъазимухIмадида. Гьесухъа бажарула кагътил магIна гьабун ва СагIидида бичIчIула жиндирги гьесулги пикраби данде кколел рукIин. Гьеб кагътиеги жаваб мутагIилас хъвала. ТIоцебесеб хIучч, инсанас ракьалда кIуди-кIудиял хьулалгун гIумру гьабулин, ахирисеб кIиго хIучч- гIажалалъул унти чIван ракьалдеги руссунин.

СагIидил тIоцеесей чIужу хведал, гIемер сонал гьес


САИД АРАКАНСКИЙ (1763-1834)

къороллъуда тIамула. Гьесул вукIуна ХIажидада абун васги. СагIидица мутагIилзабазда гьарула жиндие данде кколеб гIадаб бакIалдаса лъадилъул ячине гIадай гIадан ялагье,-ян. ГIалида абулев цо гIалимчиясул йикIуна Загьидат абулей яс. Гьеб хабар рагIидал, ГIалидадаца СагIидида абула, гьеб хIалалъ чIужу къваригIун ватани, нилъерги йиго гури бахIарай гьайизе гIурай ясилан. Гьей яс йикIуна гьайидал СагIидица цIар лъурай яс. Гьелда лъураб цIарги букIана руччабаз гIодилаго цо хабал рагIалда абулеб рагIараб цIар. Гьанже жинцаго ячине къадар батарай ГIалидадал Загьидатги гьесие рекIее гIола. Амма копоего гIадин гьей йихьизе жиндирго мутагIилзабазда гьоркьоса, Яхсаялдаса Юсуп витIула. Гьес мурад бициндал, Загьидатица абун буго:

**Дун жинда кIочаяв кIудав бихьинчи**
**Гьанже чIун рагIула, дун ячинилан.**
**Херлъарав чиясул чарлъараб мегеж**
**МаулхIаяталъищ бахIар гьабилеб?!**

Гьев вачIун вуго Загьидат махIабиги рицщатай, хIатIалги чIахIияй гIадан йигин, ячун лъикI гурилан. Кин бугониги, къватIичIого СагIидица Загьидат ячуна, гьелъги инкар гьабуларо. СагIидил рокъобе тIоцебе гали бегьулаго, гьелъ абула:

**Дараязде гъорлъе**
**КъатIипадул натI**
**Къабул вугищ, СагIид,**
**Жаний лъугьине.**

ГьебсагIатто СагIидицаги жаваб гьабула:

**Къасаб-дараялъе зарбалалъул туп,**
**Валлагь, къабул йиго, гьудуласул яс.**

СагIидил гIемерал, кутакалде берцинго хъварал гIараб мацIалъул кагътал ва хутIмаби рукIун руго. Гьесул букIун буго 900 тIехь бугеб бечедаб библиотека.

СагIид живго динияв чи вугониги, заманалда рекъон кибего пикру щварав, метерисеб къоялъул хIисаб гьабулев инсан вукIун вуго. Доб заманалда Шамилги ГъазимухIамадги пачаясде данде рагъ гьабилилан чIедал, СагIидица гьезда абун буго, пачаясул къуват цIикIкIараб бугин, нилъ гьездаса бергьунарилан. Руччабиги къорол гьаричIого, лъималги бесдал гьаричIого рагъ жибго тейилан. Амма гьезда гьеб мекъи бичIчIун буго. СагIид гIурусалгун рекъон вугин, гьев бусурбабазул тушман вугилан, гьесие Дагъистаналъул ургъелго гьечIилан. Байбихьула гьесде данде рагъ гьабизе, киве аниги, гьев валагьизе. ХIакъикъаталда жив витIарав вукIиналда ракI чIун вугониги, хъизан-лъималги росулъ тун, СагIид лъарагIлъиялдехун гочана. Гьесул гьудуллъи букIана Дагъистаналъул ханзабазулгун ва шамхалзабазулгун.

СагIидица хъварал кагътал руго Турциялъул султан МухIамад-ханидеги Ираналъул шагьасдеги. Гьезул аслияб магIна букIана, гIурусазул колониялдаса цIунизе ярагъги аскарги кьейилан,- абун. Ахирги генерал Ермоловасда лъала магIарулазда гьоркьоб СагIидил бугеб къадру-къимат. Дагь-дагькkун гьес гьев жиндирго рахъалде цIала ва гьезул балъгоял тIадкъаял тIуразаризе лъугьуна.

Абула Ерморовас гьесие моцIие 40 гъурущ пенсия кьолеб букIанилан. Гьединлъидал имам ГъазимухIамадидаги гьесдаги гьоркьоб дагIба ккола. Бачун богун ГъазимухIамад ГьаракIуниве вачIунеб мехалда, жиндие зарал гьабизе гурилан хIинкъарав СагIид шамхаласде аскIове тIурула. Гьев ун ватидал щцидахарав ГъазимухIамадица гьесул библиотека хвезабула. ЦIакъго лъикIал тIахьал цадахъ росун, хутIарал рихъун, рухIун, цIолбол бахъараб гьекъолеб жо тIаде тIун, хвезарула. ЛъарагIлъиялдаса СагIид уна Гъумекиве. Гьениб гьес гIемераб мех ба ла Сурхай ханасул вас ХIамидида аскIоб.

Хадуб жинцаго кумекги гьабун, ГъазимухIамадица СагIид рокъове вачана. СагIидил рокъор рукIана 2 чIужу: цояй МуртазагIалидадал яс Загьидат, гье лъие гьарурал вас ГIалидада ва яс ХIажибаба, кIиаби лей – ПатIимат ва гьелъие гьарурал вас МухIамадги яс Написатги. Мехго иналдего гIурусазулгун ккараб иргадулаб рагъулъ ГъазимухIамад чIвала. ГIурусаз Саг1ид вачуна Генуве ГъазимухIамадил жаназа бихьизе. Имамасул жаназадул къаданивги чIун, гьес абула: «Гьай дир вас, ГъазимухIамад, гьаб къо тIаде бачIунеблъи лъан гурищха дица дуда гIенеккун чIун вукIа,-ян абулеб букIараб»,-абун.

Аби буго, гьеб сордоялъ рогьинегIан СагIид жаназаялда гаргадилев вукIанилан.

РукIарал тIахьалги хвезаридал, ракъбакъваялги къобухIиги ккедал, СагIид хвалда цеве дагьав гIакълу хисарав гIадин лъугьун вукIана. Лъавуде вачIиндал, цIакъ пикрабиги гьарун, ракIбакъван лъугьанилан бицуна. Цо-цо мехалъ, жинцаго жиндиего ракI-макIги гьабун, «Цояз бицараб бицунарин гьозин» абулаанила, жиндирго тIахьазул бицен ккедал.

ТIахьал тIагIиндал, СагIидил цого-цо ракI гьезе хутIараб жо букIана ах. Цо нухалъ, жиндирго ахикь гIодов чIун вукIаго, гьесда хвел гIагарлъулеб букIин бичIчIана. Гьеб мехалъ гьабураб буго гьесул «Метер ине къасд буго…» абураб кечIги.

**Метер ине къасд буго,**
**Къокъине хиял буго,**
**Доба гьелареб рекIел**
**Анибго ургъел буго.**
**Сапар гIагарлъун буго,**
**Росу тезе ккун буго,**
**Рокьарал гьудулзаби**
**Тезе захIмалъун вуго.**
**ГIонохъе цIибилалъул**
**Рехсон, хабарал рицун,**
**Щабагидал шурш гьабун,**
**КIалъан, гаргарал гьарун,**
**Ахил мадугьалзабаз**
**Гьедин калам гьабидал,**
**Хабалъ вугев дун пакъир**
**КигIандай къварилъила.**
**РакI гъолеб къо аниб тун,**
**Керен киндай турила.**

Мехго бахъиналде СагIид хвана. Хобги гьесие цIияб бухъичIо. Гьев лъуна 45 соналъ цеве хварав жиндирго кIудада ГIаймакиса Абубакар-хIажиясул хобалъув. Гьев гьедин вукъиялъе гIиллаги ккола СагIидида гьев кIудияв эмен метер холелъул къаси макьилъ вихьи. Гьес макьилъ СагIидида абула жив хобалъув гьечIин, мун жиндир хобалъуве вачIа,-ян. СагIидицаги радал гIадамазда абула, жиндие цIияб хоб бухъуге,-ян. ГIумруялъул 7I сон бугев СагIид хвана ГьаракIуни росулъ I834 соналда. СагIидил наслуялъул хутIарал чагIи руго. Абизе бегьула гьесул анкьабилеб кьер ккол илан гьанже ругел чIахIиял.

**Редакциялъул рахъалдасан:** СагIидил библиотека имам ГъазимухIамадица пасат гьабиялъул хIакъалъулъ ва цо-цо цогидалги хIужаби тарихиял ритIухълъиялдаса рикIкIадаллъун рихьула нижеда.

# Протокол
# публичных слушаний по Проекту бюджета муниципального образования «Унцукульский район» на 2023 год и плановый период 2024-2025 годов.

8 декабря 2022 года
пос. Шамилькала

Присутствуют - 37 чел.

Председательствующий:

Юсупов Магомед Баширович - председатель Собрания депутатов муниципального образования «Унцукульский район».

Повестка дня:

1. О проекте решения Собрания депутатов МО «Унцукульский район» «О бюджете муниципального образования «Унцукульский район» на 2023 год и плановый период 2024 и 2025 годов».

Юсупов М.Б.- председатель Собрания депутатов района, открывая Собрание ,отметил, что в соответствии с Бюджетным кодексом Российской Федерации, Федеральным законом «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Уставом муниципального образования «Унцукульский район», сегодня проводятся публичные слушания по проекту бюджета муниципального района «Унцукульский район» на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов. Участники публичных слушаний знают,что слушания являются одной из форм участия населения в осуществлении местного самоуправления, что публичные слушания призваны обеспечить учет мнения населения в решении жизненно важных вопросов. Проведение публичных слушаний является одним из инструментов обеспечения прозрачности и публичности бюджета и бюджетного процесса для общественности и населения, отметил Юсупов.

10 ноября 2022 года на заседании Собрания депутатов муниципального района был принят к рассмотрению в первом чтении и утверждению Проект бюджета муниципального образования «Унцукульский район» на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов.

Проект решения Совета депутатов муниципального района «О бюджете муниципального района на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов» размещен на официальном сайте администрации МО «Унцукульский район» в сети Интернет, опубликован на страницах районной газеты «Садовод».

Населению была дана возможность ознакомиться с Проектом бюджета района, предложений не поступило.

Юсупов М. Б предоставил слово для доклада «О Проекте бюджета муниципального образования «Унцукульский район» на 2023 год и на плановый период 2024 и 2025 годов» начальнику отдела финансов администрации района Шамсудинову Ж.М.

**Слушали:**

Шамсудинова Ж.М. - начальника отдела финансов администрации МО «Унцукульский район», который озвучил основные характеристики районного бюджета на 2023 год и плановый период 2024-2025 годов (информация прилагается).

Данный Проект бюджета района на 2023 год и плановый период 2024 и 2025 годов составлен и подготовлен в соответствии с представленными Министерством финансов Республики Дагестан расчетными показателями и руководствуясь Положением о бюджетном процессе в муниципальном образовании «Унцукульский район» , до рассмотрения во втором чтении эти цифры будут меняться, бюджет сохранит социальную направленность, его расходы будут сбалансированы с доходами, уверен, что финансирование выбранных направлений окажет поддержку нашим жителям и положительно скажется на улучшение качества жизни в нашем районе, отметил Шамсудинов.

Выступившие Асхабалиев М.С., Магомедов А.А., Магомедов М. М., Адуев М. М. и другие поддержали Проект бюджета района на 2023 год и плановый период 2024-2025 годов.

Заслушав информацию начальника отдела финансов Шамсудинова Ж.М. и участников публичных слушаний

**РЕШИЛИ:**

1. Одобрить Проект бюджета муниципального образования «Унцукульский район» на 2023год и на плановый период 2024 и 2025 годов.
2. Рекомендовать Собранию депутатов муниципального района «Унцукульский район » принять Бюджет муниципального образования «Унцукульский район» на 2023 год и плановый период 2024-2025 годов во втором чтении.
3.Опубликовать протокол публичных слушаний по Проекту бюджета МО «Унцукульский район» на 2023 год и плановый период 2024-2025 годов и заключение к нему на страницах районной газеты «Садовод» и разместить на официальном сайте администрации МО «Унцукульский район» в сети Интернет.

**Председательствующий М. Юсупов**

**Секретарь А. Магомедалиева**

# ЗАКЛЮЧЕНИЕ
## по результатам публичных слушаний по обсуждению Проекта бюджета муниципального образования «Унцукульский район» на 2023 год и плановый период 2024-2025 годов

**пос. Шамилькала8 декабря 2022 года**

Публичные слушания по обсуждению Проекта бюджета муниципального образования «Унцукульский район» на 2023 год и плановый период 2024-2025 годов были проведены по инициативе Собрания депутатов муниципального района «Унцукульский район» на основании решения Собрания депутатов муниципального района от 10 ноября 2022 года № 38

Присутствовало – 37 человек
Выступило - 5 человек

Путем голосования установлено, что Проект бюджета муниципального образования «Унцукульский район» на 2023 год и плановый период 2024-2025 годов одобрен единогласно всеми участниками публичных слушаний муниципального образования «Унцукульский район».

**Председательствующий М. Юсупов**

**Секретарь А. Магомедалиева**

# Как пройти диспансеризацию работающему гражданину?

Согласно статьи 24 Федерального закона Российской Федерации от 21 ноября 2011 г. № 323-ФЗ «Об основах охраны здоровья граждан в Российской Федерации» работодатели обязаны обеспечивать условия для прохождения работниками медицинских осмотров и диспансеризации, а также беспрепятственно отпускать работников для их прохождения.

Порядок проведения диспансеризации определенных групп взрослого населения-работающих, неработающих, учащихся по очной форме-утвержден Приказом Министерства здравоохранения РФ от 13.03.2019 г. № 124 н.Согласно ст. 185.1 ТК РФ работодатель обязан предоставлять один рабочий день гражданину для прохождения диспансеризации (гражданам пред пенсионного возраста – 2 дня). Это рабочее время оплачивается, рабочее место и должность за гражданином сохраняются. Дни предоставляются по заявлению работника.

Регулярное прохождение диспансеризации позволит Вам значительной степени уменьшить вероятность и развитие наиболее опасных заболеваний, являющихся основной причиной инвалидности и смертности населения нашей страны или выявить их на ранней стадии развития, когда их лечение наиболее эффективно!

# Главное управление МЧС России по РД рекомендует

Организовать и активизировать адресно-справочную работу с населением по информированию о действиях при получении сигнала «ВНИМАНИЕ ВСЕМ!», о местах расположения защитных сооружений, порядку проведения эвакуации, а также об обеспечении средствами индивидуальной защиты, (в том числе рекомендации по самостоятельному изготовлению простейших средств защиты органов дыхания);

Разместить в местах проживания и массового пребывания людей информационные листки с описанием порядка действий граждан по сигналу «ВНИМАНИЕ ВСЕМ!», ближайших местах укрытия населения, контактной информации об учебно-консультационных пунктах, а также обучающие ролики, памятки, плакаты о действиях населения.

**Главное управление МЧС России по РД**

Поэзиялъул букIон

# Нилъер имамал

ТIоцевесев имам ГъазимухIамад
Жакъад шагьидлъана Генуб къварилъухъ,
КIинусго гIанаб сон свераниги
КIоченчIо халкъалда дур бахIарчилъи.
Гендерил парсахъан гIарада базе
ГIужий чан босараб гендерил росу,
ГIурус НикIолайил рикIкIен гIемерал
Солдатаз чIван хварал нилъер мюридал.
ГъазимухIамадил рухI босаралъуб
ТIамула фатихIа тIолго нухлулаз;
МагIарухъе унел эхей рачIунел
Лъалхъула кидаго эсий салам кьун.
Бихьинчилъиялъул хIал бихьулаго
Хучдузда бахъана дур меседил рухI,
Аллагьу акбаргун кодоб хвалченгун
Гьекъана хвалил лъляр дуца дин цIунун.
Дур къисас босулев Шамилил къисмат
Къоло щуго соналъ чодул кьолонив,
Каранлъ чIвараб хочод тIадеги гьулчун
ТIезабураб габур эс тушманасул.
Доб Мадинаялда хоб щвана эсий
Халкъалъ бахIарчилъун кIодоги гьавун,
ХIабиб МухIамадил Равза бихьулеб
БакъигIул хабалалъ вуго дур гьудул.

## Херлъи-гьвелъи

**Замана гIемер байдал, гIамал буго дир мекълъун**
**Чорхол гьунар хваниги, хиял буго бахIарлъун,**

ХъахIаб расалъ бусен лъуна ботIрода
Канаб берзул канлъи буго дир дагьлъун.
РекIел хIалги хIатIил сасги къацандун
Къулун вукIин лъалеб гьечIо черхалда.
Санал райдал далун руго дир михъал
Михир гIадаб габур буго тIеренлъун.
РекIел хьулаз хутIун вуго дунял ккун
ГIисиназул мисал буго босун лъун,
Семун, вагъун дагIба буго лъадулгун
Лъолев анищ мун доваян йиго ай.
Дове ине бокьун щивго унаро
Амма щивас тезе кколеб нух буго,
ЦIа гIадинав гIолохъанчи дова лъун
Дада вуго чанги анив сверулев.
СиратIалъул кьодул ургъел букIинчIев
Уна довеункъгояс ккун молода,
Вилъанхъун чи жеги инчIеб доб гванда
Дваргъиялда хIарш речIулел дол къадал.
Нуж кантIизе савабилан хъвана гьаб
Хъизаналъул цIакъго гIайиб щваниги,
Кинго гьечIо гьаниб гьерсал, божа нуж
Щиб кканиги шагьи-пара те лъадухъ.

**ЖабрагIил-хIажи ХАЛИДОВ.**

## ХIурмат тIадегIанал, мугIрузул ясал

(Б. МухIидиновалъе ва цадахъ ругезе сайгъат гьабула)

ХIурмат тIадегIанал, мугIрузул ясал
МацI цIунун къеркьезе къуват дагьлъунищ?
Къваридаб сухъмахъ ккун сапар гьабизе,
Сунца нуж тIамурал, ТIадегIанисищ?
МугIрулги рокьулев, ракьги хирияв,
Халкъалъул пикраби гъварид ричIчIулев,
Расул хваралдаса аваразда гьорлъ,
ТIагъур лъурав инсан хутIунищ гьечIев?
ШагIир цевеса ун анкь сверилалде,
Саринал гIуцIана мацIазда сверухъ,
Ясбер гIадин нахъе цIунун букIараб
Дир магIарул калам, квер щвана дуде.
Дур ихтияр цIунун кIалъалел ругел
ХIурматиял ясал, Саратгун Баху,
БачIина замана, щвела цо лахIзат
Риди тIаса араб тIорахь баккараб.
БукIана замана чед-хинкI мукъсанаб,
ТIад ретIунеб ретIел рукъабаз цIураб,
Амма магIарулаз мацI-цIар цIунана
МугIрузул аманат нахъе рехичIо.
Къоло цоабилеб гIасру буго аб
ГIадамасул пикру тIубан цIубараб,
ЦIакъго бокьилаан гIолезда лъазе
ГIадатги миллатги мацIгун къунеблъи.

**ПатIимат ХIажиева**
**ЦIатIанихъ росу**

## «Ахихъаналъе» подписка гьабизин

2022 соналъул сентябрь моцIалдаса нахъе киса-кибего нилъер районазда гьоркьосеб почтамталдаги унеб буго тIаде щолеб бугеб 2023 соналъе периодическияб печаталъе подписка гьаби. Гьеб гьабула бащдаб ва тIубараб лъагIалиего.

Гьелдаго цадахъ подписка гьаби унеб буго районалъул «Ахихъан» газеталъеги. ГIадамазе почтамталдасан бащдаб лъагIалие подписка гьабула 313 гъурущалде, лъагIалиего подписка гьабула 626 гъур.

ХIурматиял районалъул цIалдолел, гIедегIил гьабе бищунго нужедехун гIагараб «Ахихъан» газета хъвазе! Гьелъул гьурмазда нужеца цIалила районалда ккараб-таралъул, хIаракатал гIадамазул хIакъалъулъ, пачалихъалъ гьарулел кумеказул, тарихалъул ва букIинеселъе лъолеб кьучIалъул. Нужеца газеталъулгун щулияб бухьен ккуни, нижеца бицина киналго рахъаз гIумро гьабиялъе ратизесел ресазул, жавабал кьела нужеца кьолел суалазе.

**РЕДКОЛЛЕГИЯ**

## ГIумаров ГIумархIажи МухIамадович



Гьаб соналъул 7 декабралда къокъидаб унтиги чIван нилъедаса ватIалъана ракI лъикIав, гIамал берцинав ва хIалимав инсан ГIумаров ГIумархIажи МухIамадович.

ГI-ХI. ГIумаров гьавуна Унсоколо районалъул ГIашилтIа росулъ I96I соналда. I979-I983 саназдa цIалун лъугIизабуна Дагъистаналъул Пачалихъияб университет. Щвана «Товароведение и организации торгов» абураб специальность, хIалтIана Башкирия АССРалъул Гуймазинский районалъул «Башнефть» цолъиялда товароведлъун, хадув № 2 цолъиялъул директорлъун, гьенивго горпродторгалъул тукада завлъун. Районалде тIад вуссун хадув хIалтIана МСОялда снабженецлъун, ЧIикIаб ГЭСалъул филиалалъул кIудияв экономистлъун, гьенивго отделалъул начальниклъун, «ГIашилтIа» совхозалда директорлъун. ХIалтIана «Сулахъэнергоялда» комплектовщиклъун, складалъул завлъун, снабженецлъун, «Дагътехинвентаризация» ГУПалъул филиалалда директорасул замлъун. 20I9 соналъул 26 февралалдаса нахъе хIалтIулев вукIана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул кумекчилъун.

Кив хIалтIаниги, цадахъ кканиги ГIумархIажи ГIумаров вукIана гIадан вичIчIулев, щивасе кумекалъе ватизе хIадурав, намус-яхI бугев магIарулав.

«Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадо вас, районалъул депутатазул Собраниялъ, ЖамгIияб палатаялъ ва тIолабго администрациялъул коллективалъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго гьайбатав инсан

**ГIумархIажи**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан, гьесул хъизан-рукъалда, вацал-яцазда ва тIолабго гIагарлъиялда.

Аллагьас гьев алжан кьун вохун ватаги. Нахъе ругезе сабруги кьеги!


| Газета основана 1937 г. | Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД | Адрес редакции: | Адрес издателя и типографии |
|---|---|---|---|
| УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района<br>Главный редактор<br>КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА | Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.<br>Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются. | 51373<br>Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3<br>Телефон редактора<br>89896522856<br>sadovoduns@yandex.ru<br>398940 | г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21<br>Подписано в печать - 15. 12. 2022 г. 13. 50<br>фактически -16. 45 мин.<br>........................................<br>Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках<br>Тираж - 988 экз. |